



KONKOU BOUS REDAKSYON MEMWA AN KREYÒL AK SOU KREYÒL LA KRITÈ PATISIPASYON KÒM KONPETITÈ

Akademi an ap òganize konkou bous pou redaksyon memwa an kreyòl la, nan lide pou li kontinye fè pwomosyon non sèlman pou lang ak kilti kreyòl la jan Konstitisyon an ak Lwa 7 avril 2014 la mande li sa a, men tou pou li kapab elaji chan syantifik lang kreyòl la, pandan li ap rann konesans lan aksesib pou tout ayisyen nan tout nivo.

Pou yon moun kapab patispe nan konkou bous sila li dwe reponn ak kritè sa yo :

1. Li dwe se yon ayisyen;
2. Li dwe gen pou piti 18 lane nan moman li ap enskri a;
3. Fòk li pa gen lajistis ki ap pousuiv li;
4. Li dwe se yon etidyan finisan anndan Inivèsite Leta Ayisyen an (ILA);
5. Li dwe prezante yon avanpwojè ki pa depase 10 paj;
6. Fòk sijè a gen rapò ak lang kreyòl la, epi fòk li montre a klè metodoloji ak teyori etidyan an swete itilize pou redije memwa a;
7. Avanpwojè a dwe montre aklè enterè rechèch la genyen pou defann ak devlope lang kreyòl la nan wo nivo syantifik anndan sosyete ayisyen an nan mannyè li prezante;
8. Avanpwojè a dwe fè parèt aklè : *sijè, pwoblematik, ipotèz, objektif, jistifikasyon, revizyon literati, bibliyografi pwovizwa*, epi yon *echeyansye* ki pa dwe depase 6 mwa;
9. Avanpwojè memwa a dwe se zèv entelektiyèl kandida a menm;
10. Kandida ki nan tout domèn syanszimèn ak sosyal yo dwe prezante rechèch yo a an kreyòl ak sou lang kreyòl la;
11. Kandida ki nan tout lòt disiplin syantifik yo (medsin, agwonmi, jeni sivil, pa egzanp eks.) kapab prezante memwa yo a inikman an kreyòl sou nenpòt lòt tematik ki nan domèn yo a;
12. Fòk avanpwojè memwa kandida a montre yon gwo pètinans pou sosyete a nan domèn etid li a nan sa ki gen pou wè ak lang kreyòl ayisyen an.



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



KONKOU BOUS REDAKSYON MEMWA AN KREYÒL AK SOU KREYÒL LA

KRITÈ PATISIPASYON KÒM MANM JIRI

Akademi an ap òganize konkou bous pou redaksyon memwa an kreyòl la, nan lide pou li kontinye fè pwomosyon non sèlman pou lang ak kilti kreyòl la jan Konstitisyon an ak Lwa 7 avril 2014 la mande li sa a, men tou pou li kapab elaji chan syantifik lang kreyòl la, pandan li ap rann konesans lan aksesib pou tout ayisyen nan tout nivo.

Men kèk kritè pou yon moun kapab fè pati jiri ki pral etidye dosye kandida yo:

1. Manm jiri a pa dwe gen lajistis k ap pousuiv li;
2. Li dwe gen pou pi piti yon metriz, li swetab pou li ta nan domèn syanszimèn ak sosyal yo;
3. Li dwe gen eksperyans nan zafè rechèch ak akonpayman etidyan sou travay memwa;
4. Li dwe gen eksperyans nan patisipe nan jiri soutnans memwa;
5. Li dwe yon pwofesè nan Inivèsite Leta Ayisyen an (ILA);
6. Li kapab yon Akademisyen ki nan ansèyman inivèsitè, sa vle di nenpòt lòt inivèsite an Ayiti tankou aletranje ki pa oblije ILA;
7. Li dwe pale epi ekri kreyòl la byen;
8. Li dwe montre enterè li genyen pou lang ak kilti kreyòl la;
9. Li dwe genyen yon bon angajman pou avansman lang kreyòl la nan lasyans;
10. Li dwe kapab mete l disponib pou patisipe nan evalyasyon konpetitè yo ak deba ki pral pèmèt manm jiri yo chwazi avanpwojè ki pi konvenkan yo;
11. Li dwe kapab analize oubyen pote jijman san fòskote, sa vle di li dwe kapab montre netralite li nan analiz ak evalyasyon dosye yo.



KONKOU BOUS REDAKSYON MEMWA AN KREYÒL AK SOU KREYÒL LA

KRITÈ EVALYASYON

Akademi an ap òganize konkou bous pou redaksyon memwa an kreyòl la, nan lide pou li kontinye fè pwomosyon non sèlman pou lang ak kilti kreyòl la jan Konstitisyon an ak Lwa 7 avril 2014 la mande li sa a, men tou pou li kapab elaji chan syantifik lang kreyòl la, pandan li ap rann konesans lan aksesib pou tout ayisyen nan tout nivo.

Men kèk kritè manm jiri yo pral itilize pou evalye avan-pwojè kandida yo:

1. Fòk kandida a pa gen lajistis ki ap pousuiv li ;
2. Avanpwojè a dwe ekri totalman an kreyòl;
3. Dokiman an pa dwe depase 10 paj;
4. Kandida a dwe fè parèt aklè metodoloji ak teyori li vle itilize pou ekri travay li a;
5. Avanpwojè a dwe montre aklè enterè rechèch la genyen pou defann ak devlope lang kreyòl la nan lasyans;
6. Dokiman avanpwojè a dwe genyen ladann tout eleman sa yo: *sijè, pwoblematik, ipotèz, objektif, jistifikasyon, revi literati, bibliyografi pwovizwa ak echeyansye* pou soumèt travay final la;
7. *Sijè* a dwe orijinal epi inovatè (sa vle di li dwe vini ak bagay ki tou nèf pou avansman lang nan);
8. Fòk rechèch la montre li ap gen yon enpak pozitif ak edikatif sou lòt moun ak lòt rechèch ki ap gen pou fèt nan domèn pa kandida a nan peyi a;
9. Fòk se pa yon sijè ki te deja trete an fransè epi otè a tradui l an kreyòl (sa vle di, otè a dwe panse sijè a epi prepare l totalman an kreyòl).